


Prekosyon ak egwi

Moun ki gen dyabèt dwe itilize objè ki file, tankou lansèt ak egwi, pou tcheke sik nan san li ak enjekte ensilin. Objè file sa yo dwe jete an sekirite pou anpeche pike nan egwi ak koupe.

Pou kenbe ou menm ak lòt moun an sekirite, asire ou:^{1,2}



1. Toujou mete lansèt ki itilize yo (pati ki pike nan po ou a pou tcheke sik ou) epi sereng ki itilize yo avèk egwi yo ansanm nan yon bwat plastik lou ki gen yon kouvèti byen fèmen. Ou ka achte tou yon bwat wouj "file" nan famasi lokal ou a oswa sou entènèt



2. Kenbe bwat la nan yon plas ki an sekirite lakay ou, ki lwen timoun ak bèt. Sou tèt frijidè a se yon bon pozisyon



3. Jete bwat ou a lè li prèske ranpli. Sere kouvèti a epi tepe arebò kouvèti a avèk gwo tep anvan ou jete bwat la



4. Tcheke ak klinik ou a, depatman sante lokal ou a oswa sèvis lokal ki ranmase fatra pou jwenn kijan ou dwe jete bwat ou a. Gen kèk vil ki ka pèmèt ou mete bwat ki file nan poubèl regilye ou

Pa:

- Itilize yon bwat k ap pèmèt egwi yo pèse sou kote
- Itilize yon bwat an vit
- Itilize yon bwa ki ka ale nan resiklaj



- Retire egwi a nan sereng lan
- Mete lansèt, sereng oswa egwi yo dirèkteman nan fatra oswa poubèl

Sereng ak egwi yo dwe itilize yon sèl fwa. Yo fèt pou itilize sèlman yon fwa epi pa pwòp (esteril) ankò apre premye fwa ou fini itilize yo.



Sereng yo se pou itilize yon fwa epi yo vini nan plizyè kalib pou konfò ak plizyè dimansyon dozaj



Pa janm pataje sereng oswa egwi ki itilize ak okenn lòt moun. Ou ka gaye maladi ak enfeksyon lè ou pataje egwi yo

1. United States Food and Drug Administration. Sharps Disposal Containers. <http://www.fda.gov/medicaldevices/productsandmedicalprocedures/homehealthandconsumer/consumerproducts/sharps/ucm263236.htm>. Te mete ajou nan dat 24 janvye 2018. Aksede nan dat 12 fevrile 2019.

2. United States Food and Drug Administration. Best Way to Get Rid of Used Needles and Other Sharps. <http://www.fda.gov/medicaldevices/productsandmedicalprocedures/homehealthandconsumer/consumerproducts/sharps/ucm263240.htm>. Te mete ajou nan dat 30 out 2018. Aksede nan dat 12 fevrile 2019.